# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 मार्च 2026 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु स्वास्थ्य क्षेत्र में डबल इंजन सरकार क उपलब्धियन पर प्रकास डारत कहलें हवें कि हर जरूरतमंद के उचित इलाज उपलब्ध करावे बदे प्रतिबद्ध होके सरकार कार कै रहलि हौ। अब इलाज के कमी से केहू के भटके के नाही पड़ी। उत्तर प्रदेस के भित्तर सज्जों जिलन में मुफ्त में डायलिसिस अउर सीटी स्कैन क सुविधा हम्मन बदे उपलब्ध करा रहल हवें।

***हेल्थ के सेक्टर में अटल जी के समय केवल एक एम्स था, अटल जी ने उसे छह पहुँचाया और मोदी जी ने उनकी संख्या 23 तक पहुँचा दी है। आईआईटी, आईआईएम, एनआईटी और आईआईआईटी की एक लंबी श्रृंखला देश के अंदर खड़ी हुई। स्वाभाविक रूप से देश आगे बढ़ रहा है, तो देश की सबसे बड़ी आबादी का राज्य क्यों पीछे रहे? हम लोगों ने भी उस दिशा में प्रयास प्रारंभ किया। आज उत्तर प्रदेश, 2017 के पहले उत्तर प्रदेश में केवल 17 मेडिकल कॉलेजेस काम करते थे। आज हम उत्तर प्रदेश के अंदर 81 मेडिकल कॉलेज का संचालन उत्तर प्रदेश भर में हम कर रहे हैं।***

मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जरूरतमंद लोगिन के स्वास्थ बीमा क कवर दिहले हवें।

***एक समय था जब कोई व्यक्ति बीमार होता था, पूरा परिवार में कोहराम मच जाती थी। आज हर व्यक्ति को मोदी जी ने स्वास्थ्य बीमा का कवर दे दिया है कि कोई भी व्यक्ति बीमार पहले तो न हो, लेकिन अगर हो ही गया है, तो उसको 5 लाख रुपये का आयुष्मान भारत की सुविधा अकेले उत्तर प्रदेश के अंदर हम लोगों ने 5 करोड़ 60 लाख लोगों को गोल्डन कार्ड जारी किए हैं और ये संख्या 10 करोड़ तक पहुँचने वाली है बहुत शीघ्र।***

एह से पहिले मुख्यमंत्री आजु लखनऊ में आयोजित कार्यक्रम में देस क पूर्व गृहमंत्री अउर उत्तर प्रदेस क पहिला मुख्यमंत्री पंडित गोविंद बल्लभ पंत क पुण्यतिथि पर ओन्हे श्रद्धांजलि दिहलें।

**********

संसद के बजट सत्र क दूसरा फेरा नौ मार्च से सुरू होई। सत्र के पहिला दिन लोकसभा अध्यक्ष, ओम बिरला के उनके पद से हटावे क प्रस्ताव पर चर्चा निर्धारित हौ। पछिला महीना बजट सत्र क पहिला फेरा में विपक्ष लोकसभा क महासचिव के अविश्वास प्रस्ताव प्रस्तुत कइले रहल। एहमन लोकसभा अध्यक्ष क पक्षपातपूर्ण ढंग से कार करे क आरोप लगावत ओन्हे हटावे क मांग कइल गइल रहल।

**********

उत्तर प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा विसेस प्रगाढ़ पुनरीक्षण 2026 क दावा अउर आपत्ति अवधि क उपलब्धियन के बारे में आजु लखनऊ क लोकभवन के मीडिया सेंटर में पत्रकार वार्ता कइलें।

उहां के बतवलीं कि उत्तर प्रदेस में विधानसभा आ लोकसभा निर्वाचन क मतदाता सूची के विसेस प्रगाढ़ पुनरीक्षण–2026 के दौरान दावा आ आपत्ति अवधि छौ जनवरी से छौ मार्च तक में नागरिक लोगिन से दावा अउर आपत्ति प्राप्त भइल रहल। एह समय में गणना फेरा में मिलान न करावे वाले मतदाता, मिलान में तार्किक विसंगति वाले मतदाता लोगिन के नोटिस जारी कइल गइल। श्री रिणवा बतवलें कि अबले पचासी फीसदी से बेसी सुनवाई पूरा कै रहल गइल हौ। नया मतदाता बने खातिर दावा अउर आपत्ति अवधि में फार्म छै के तहत 70 लाख 69 हजार 810 आवेदन प्राप्त भइल हौ। एहमन 34 लाख 96 हजार 911 पुरुष अउर 35 लाख 72 हजार 603 महिला मतदाता सामिल हइन। एहमन 18 से 29 बरिस आयु वर्ग क 47 लाख 81 हजार 526 युवा मतदाता सामिल हवें।

**********

कतर क भारतीय दूतावास भारतीय नागरिक लोगिन क सहजोग बदे कुछु अउरियो हेल्पलाइन नंबर जारी कइले हौ। ई नंबर हवे नौ सात चार पांच पांच छह चार सात पांच शून्य दो, नौ सात चार पांच पांच तीन छह दो पांच शून्य आठ,. अउर नौ सात चार पांच पांच तीन आठ चार छह आठ तीन। दूतावास सोसल मीडिया पोस्ट में बतवलस कि ई नंबर चौबीसों घंटा उपलब्ध रही। दूतावास से ई–मेल पता बवदेण्कवीं/उमंण्हवअण्पद पर भी संपर्क कइल जा सकेला।

**********

आजु जन औषधि दिवस हौ। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी एह मौका पर प्रधानमंत्री भारतीय जन औषधि परियोजना से लाभान्वित लोगिन के बधाई दिहले हवें। श्री मोदी कहलें कि परियोजना से अनगिनत परिवारन क इलाज के खरचा में बचत भइल हौ। उहां के कहलीं कि सरकार किफायती दाम पर गुणवत्तापरक दवा उलबब्ध करावे बदे प्रतिबद्ध हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो जनऔषधि दिवस क बधाई देत कहलें हवें कि प्रधानमंत्री के दूरदर्शी अगुवाइये क नतीजा हौ कि प्रधानमंत्री भारतीय जन औषधि केंद्रन के जरिया से आजु आम लोगिन के सस्ता दाम पर गुणवत्तापूर्ण जेनरिक दवा बहुते असानी से उपलब्ध हो रहलि हौ।

**********

अंतरराष्ट्रीय महिला दिवस के मौका पर बिहने श्री काशी विश्वनाथ धाम में समस्त मातृशक्ति बदे विसेस दरसन क इतिजाम कइल गइल हौ। एह खास इतिजाम में गेट संख्या चार बी से सज्जो महिला लोगिन के चाहे ऊ काशी क रहवइया हों चाहे बाहर से आइल हों, निःशुल्क प्रवेस प्रदान करत दरसन करावल जाइ। सबेरे अउर संझा चारि बजे से पांच बजे ले क समय काशी क लोगिन बदे आरक्षित रही।

**********